

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu panalungtikan téh kaasup kana panalungtikan kualitatif kana objék sastra. Panalungtikan kualitatif nurutkeun Moleong (2012, kc. 6) nyaéta panalungtikan anu mibanda maksud pikeun maham kana sakabéh kajadian nu kaalaman ku subjék, nu ditétélakeun ku cara ngadéskripsikeun dina wangun kekecapan jeung basa dina hiji kontéks alamiah sarta ngamangpaatkeun rupa-rupa métode ilmiah.

Saacan nangtukeun tiori jeung métode dina nganalisis karya sastra, diperlukeun pamarekan kana karya sastra minangka objék panalungtikan nu rék dianalisis. Ieu pamarekan fungsina pikeun nalungtik objék panalungtikan. Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan objéktif atawa struktural. Pamarekan objéktif dipilih lantaran miboga tujuan pikeun maluruh objék tina strukturna. Semi dina Koswara (2013, kc. 8) méré watesan yén pamarekan objéktif ngawatesanan kanan nalaah karya sastra nu ditalungtik, leupas tina pangarang jeung nu maca. Ku kituna ngaliwatan pamarekan objéktif atawa diistilahkeun struktural dipiharep bisa ngahontal pamanggih-pamanggih anyar pikeun kamekaran sastra Sunda.

Métode panalungtikan téh nyaéta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan. Métode bisa mangrupa angkét, wawancara, observasi, tést, jeung dokuméntasi (Arikunto, 2013, kc. 203). Sedengkeun nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 3) métode panalungtikan téh nyaéta cara ilmiah pikeun nyangking data anu miboga udagan jeung mangpaat nu tangtu. Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode déskripsi kalayan ngagunakeun teknik studi pustaka. Panalungtikan déskripsi téh mangrupa hiji panalungtikan nu paling dasar. Pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun fénoména-fénoména nu aya, boh fénoména nu sipatna alamiah boh nu jijiyeunan manusa (dina Sukmadinata, 2015, kc. 72). Saterusna, ieu métode téh ngulik bentuk, aktivitas, karakteristik, parobahan, hubungan, sasaran jeung bébédaan jeung fénoména nu séjén anu saluyu jeung sastra bandingan. Dina ieu panalungtikan digunakeun karya sastra salaku objékna, kalayan métode déskriptif pikeun

Witri Gustiani, 2018

BABANDINGAN NOVÉL LAIN ÉTA KARYA MOH. AMBRI JEUNG DJEUMPA ATJEH KARYA H.M.

ZAINUDDIN: Uliran Struktural Jeung Étnopédagogik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nganalisis panalungtikan kana sumber-sumber datana. Saterusna tuluy dibandingkeun anu tujuanana pikeun nyangking hasil tina data-data sumber anu leuwih ti hiji.

Dumasar kana métode panalungtikan déskriptif, léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan nya éta saperti ieu di handap.

1. Maca kalayan gemet dua karya sastra nu rék dianalisis, nya éta novél *Lain Éta* karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin.
2. Nganalisis struktur carita tina novél *Lain Éta* karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin.
3. Ngadéskrripsikeun struktur carita tina novél *Lain Éta* karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin.
4. Ngabandingkeun struktur carita tina novél *Lain Éta* karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin pikeun maluruh sasaran jeung bébédaanana.
5. Nganalisis ajén-ajén étnopédagogik tina novél *Lain Éta* karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin.

3.1 Desain Panalungtikan

Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta métode deskripsi, hususna deskriptif analisis. Nurutkeun Ratna (2015, kc. 53), ieu métode dilakukeun ku cara ngadéskrripsikeun fakta-fakta nu saterusna dianalisis. Ieu métode téh digabungkeun ogé jeung métode formal, mimitna ngadéskrripsikeun heula data pikeun nyangking unsur-unsur di jeronana, dianalisis tuluy nepi ka dibandingkeun, sakumaha salah sahiji tujuan ieu panalungtikan.

Tabél 3.1 Desain Panalungtikan

Déskripsi	Métode Formal
Ngadéskrripsikeun data	Ngadéskrripsikeun data
Dianalisis	Dianalisis
	Dibandingkeun

Witri Gustiani, 2018

BABANDINGAN NOVÉL LAIN ÉTA KARYA MOH. AMBRI JEUNG DJEUMPA ATJEH KARYA H.M. ZAINUDDIN: Ulikan Struktural Jeung Étnopédagogik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2 Data jeung Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172) sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék nu dipaké pikeun nyangking data. Sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta buku novél *Lain Éta* karya Moh. Ambri jeung novél *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin, sarta sumber-sumber informasi séjén pikeun bahan kajian pustaka.

Dina ieu panalungtikan, sumber data utamana nyaéta novél *Lain Éta* karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin, anu bakal dianalisis strukturna, dibandingkeun, sarta dipaluruh ajén-ajén étnopédagogikna. Sumber data séjénna nyaéta jurnal-jurnal ngeunaan babandingan, struktural, ogé étnopédagogik. Salian ti éta aya artikel-artikel jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna.

3.2.1 Idéntitas Novél

1. Novél *Lain Éta*

Judul	: <i>Lain Éta</i>
Pangarang	: Moh. Ambri
Medal	: Citakan kalima, Novémber 2011
Penerbit	: Kiblat Buku Utama, Bandung.
Kandel Buku	: 85 kaca
Warna Jilid	: Bodas, hideung, beureum


Gambar 3.1 Novél *Lain Éta*



2. Novél *Djeumpa Atjeh*

Judul	: <i>Djeumpa Atjeh</i>
Pangarang	: H.M. Zainuddin
Medal	: Citakan kahiji, 1958
Penerbit	: Pustaka Sultan Iskandar Muda, Médan.
Kandel Buku	: 150 kaca
Warna Jilid	: Héjo, bodas.

Gambar 3.2 Novél *Djeumpa Atjeh*



3.2.2 Biografi Singget Pangarang

1. Moh. Ambri

Nurutkeun *Ensiklopedi Sastra Indonesia*, Mohamad Ambri lahir di Sumedang 8 Séptémber taun 1892, pupus di Jakarta 5 April taun 1936. Kasang tukang kahirupanana basajan, kolotna ukur sok babantu di imah turunan ménak Sumedang. Ambri téh budak pangkolotna, tur boga kénéh dulur tiluan. Nalika umurna genep taun, kolotna pirak. Manéhna katut adi-adina milu jeung indungna nu pindah digawé ka urang Walanda nu ngaranna L.J.F Geritse. Dununganana éta téh pagawé di komisi pangurus kuburan urang Walanda di Sumedang. Ku sabab kataji ku nempo Ambri, L.J.F Geritse nyakolakeun Ambri jeung geus nganggap

Witri Gustiani, 2018

BABANDINGAN NOVÉL LAIN ÉTA KARYA MOH. AMBRI JEUNG DJEUMPA ATJEH KARYA H.M. ZAINUDDIN: Ulikan Struktural Jeung Étnopédagogik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

anak. Sanggeus tamat ti Sekolah Dasar, Ambri nuluykeun sakola ka H.I.K (Sakola Raja) di Bandung, nepi ka tamatna dina taun 1911.

Biografi singgetna dina novél *Lain Éta* (Ambri, 2011, kc. 1) nyebutkeun yén satamatna ti Sakola Guru (*Kweekschool*), manéhna diangkat jadi calon guru H.I.S Semarang, dialihkeun ka Tasikmalaya, Sumedang, Purwakarta, Bandung, tuluy jadi guru Sakola Guru Normal (*Normalschool*) di Purwakarta. Taun 1931 lirén ngawulang diangkat jadi rédaktur Balai Pustaka nepi ka pupusna nya éta dina taun 1936. Dina kurang leuwih lima taun digawé di Balai Pustaka, manéhna medalkeun genep judul karangan asli, genep welas judul tarjamahan katut saduran. Di antarana karanganana anu populér nyaéta *Ngawadalkeun Nyawa, Burak Siluman, Munjung, Lain Éta, Numbuk Di Sué, Pusaka Ratu Teluh, Pependem Nabi Sulaéman, jeung Si Kabayan Jadi Dukun*. Manéhna gé nyadur sawatara carita tina *Sarébu Samalem (Alf Layla wa Layla)* anu medal misah-misah, nyaéta *Palika jeung Jin, Buah Koldi, Lalakon Saépulmuluk jeung Istri Pelit*.

Nurutkeun *Ensiklopedi Sastra Indonesia*, salila jadi redaktur kepala téh, Ambri geus medalkeun dua puluh dua judul buku nu sakabéhna dina basa Sunda, nya éta saperti ieu di handap.

- a) Numbuk di Sué (1932)
- b) Burak Siluman (1932)
- c) Lain Éta (1934)
- d) Ngawadalkeun Nyawa (1933)
- e) Karmawicitra (1934)

Sedengkeun anu saduran jeung tarjamahan tina basa Walanda ogé Indonésia nya éta saperti ieu di handap.

- a) *Pusaka Ratu Teluh* (dongéng India, 1932)
- b) *Teu Pegat Asih* (tina *Kasih tak Terlerai* karya Suman Hs., 1932)
- c) *Palika jeung Jin* (saduran tina *1001 Malam*, 1932)
- d) *Béntang Acéh* (tina *Bintang Acéh* karya H.M. Zainuddin, 1932)
- e) *Napsu nu Anom* (tina *Darah Muda* karya Adinegoro, 1932)

Witri Gustiani, 2018

BABANDINGAN NOVÉL LAIN ÉTA KARYA MOH. AMBRI JEUNG DJEUMPA ATJEH KARYA H.M. ZAINUDDIN: Ulikan Struktural Jeung Étnopédagogik
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- f) *Pependem Nabi Sulaéman* (tina *King Solomon's Mine* karya H. Rider Haggard, 1932)
- g) *Carita Buah Koldi* (saduran tina *1001 Malam*, 1933)
- h) *Istri Pelit* (saduran tina *1001 Malam*, 1933)
- i) *Lalakon Saépulmuluk* (saduran tina *1001 Malam*, 1933)
- j) *Si Kabayan Jadi Dukun* (tina *Le Medicin Malgre Lui* karya Moliere, 1933)
- k) *Betah Di Leuweung* (saduran ti karya Gabriel Ferry, 1935)
- l) *Gajah Putih* (1934)
- m) *Raja Negeri jeung Bangsa Arab* (1935)
- n) *Wawacan Lénggangkencana* (1940), diterbitkeun sabada Moh. Ambri pupus.
- o) *Dongéng-Dongéng Sasakala* (1942), diterbitkeun sabada Moh. Ambri pupus.

Nurutkeun Rosidi (2009, kc. 172), karangan-karangan Ambri mah mangrupa eunteung anu pangalusna ngagambarkeun manusa jeung kahirupan-kahirupan, perwatek, kapercayaan, kayakinan, impian, harepan, kabiasaan sarta adat tabéat urang Sunda, mangsa harita.

b. H.M. Zainuddin

Nurutkeun *Ensiklopedi Sastra Indonesia*, Haji Muhamad Zainuddin lahir di Ndjong, hiji wewengkon di Kabupatén Pidie, Acéh, ping 10 Méi 1893. Riwayat atikanana, mimiti sakola di sakola Melayu Sigli, Acéh, tamat taun 1913. Tuluy sakola *pertanian* di *Landbowschool* di Boereunuen nepi taun 1916. Pakasabanana dimimitian jadi asistén di *Landbowschool*, tuluy kaluar taun 1918. Manéhna gé kungsi digawé di penerbit *harian Benih Merdeka* di Médan, salian ti bari mantuan surat kabar *Neratja* di Jakarta. Manéhna gé kungsi babantu di penerbitan *Samarata*, majalah nu kasohor di Médan.

Taun 1918 nepi ka 1921, manéhna jadi anggota NIP (*National-Indische-Party*), salaku sekrÉtariat di Sjariat Atjeh cabang Kutaradja. Dina taun 1925, manéhna mimiti katerap panyakit nu ngalantarankeun manéhna kudu cuti opat bulan di Sanatorium, Semplak, Bogor. Salila di Bogor, manéhna masih bisa

Witri Gustiani, 2018

BABANDINGAN NOVÉL LAIN ÉTA KARYA MOH. AMBRI JEUNG DJEUMPA ATJEH KARYA H.M.

ZAINUDDIN: Ulikan Struktural Jeung Étnopédagogik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

babantu di kantor berita *Alpena* jeung *Bintang Timur*. Manéhna gé kungsi jadi karyawan di Bank Umum Langsa ti taun 1935 nepi ka 1941.

Karya-karyana nya éta saperti ieu di handap.

1. *Singa Atjeh* (1957, ku Pustaka Sultan Iskandar Muda)
2. *Hikayat Perang Sabil* (1960, ku Pustaka Sultan Iskandar Muda)
3. *Djeumpa Atjeh* (1928, citakan kahiji Jakarta: Balai Pustaka)
4. *Srikandi Atjeh* (1966, ku Pustaka Sultan Iskandar Muda)


3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik studi pustaka, hartina panalungtik ngumpulkeun bahan saloba-lobana boh buku boh hasil panalungtikan/jurnal sangkan jadi bahan pikeun maluruh babandingan antara novél *Lain Éta* jeung *Djeumpa Atjeh*. Ari léngkah-léngkah ngumpulkeunana nya éta saperti ieu di handap.

- a. Maca buku jeung jurnal nu patalina jeung babandingan karya sastra, analisis struktural, jeung étnopédagogik.
- b. Nangtukeun sumber data, nya éta novél *Lain Éta* karya Moh. Ambri jeung *Djeumpa Atjeh* karya H.M. Zainuddin.
- c. Maca sagemblengna novél-novél nu jadi bahan panalungtikan.


Gambar 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data



Witri Gustiani, 2018

BABANDINGAN NOVÉL LAIN ÉTA KARYA MOH. AMBRI JEUNG DJEUMPA ATJEH KARYA H.M. ZAINUDDIN: Ulikan Struktural Jeung Étnopédagogik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data kakumpulkeun, saterusna nya éta ngolah data. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis. Data nu dianalisis nya éta analisis struktur Stanton tina masing-masing karya sastra. sabada nganalisis strukturna, saterusna dibandingkeun, sarta dipaluruh ajén-ajén étnopédagogikna. Dina panalungtikan nu ngagunakeun ulikan struktural, léngkah-léngkah panalungtikanana nya éta saperti bagan di handap.

Tabél 3.2

No.	Prosedur Panalungtikan	Déskripsi
(1)	(2)	(3)
1.	Maca novél <i>Lain Éta</i> karya Moh Ambri	Novél dibaca kalayan maluruh naon baé unsur intrinsik jeung ékstrinsikna.
2.	Maca novél <i>Djeumpa Atjeh</i> karya H.M. Zainuddin	Novél dibaca kalayan maluruh naon baé unsur intrinsik jeung ékstrinsikna.
3.	Ngidentifikasi unsur-unsur karya sastra jeung totalitas karya sastra dina novél <i>Lain Éta</i>	Ngajéntrékeun tiap unsur-unsur kalayan maké cutatan kalimahna.
4.	Ngidentifikasi unsur-unsur karya sastra jeung totalitas karya sastra dina novél <i>Djeumpa Atjeh</i>	Ngajéntrékeun tiap unsur-unsur kalayan maké cutatan kalimahna.

Witri Gustiani, 2018

BABANDINGAN NOVÉL LAIN ÉTA KARYA MOH. AMBRI JEUNG DJEUMPA ATJEH KARYA H.M. ZAINUDDIN: Ulikan Struktural Jeung Étnopédagogik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5.	Ngaidéntifikasi hubungan karya sastra dina novél <i>Lain Éta</i> sagembelngna jeung masarakatna	Ngajéntrékeun kumaha hubungan karya sastra jeung patalina jeung kaayaan masarakat harita mangsa karya ditulis.
6.	Ngaidéntifikasi hubungan karya sastra dina novél <i>Djeumpa Atjeh</i> jeung masarakatna	Ngajéntrékeun kumaha hubungan karya sastra jeung patalina jeung kaayaan masarakat harita mangsa karya ditulis
7.	Ngabandingan eusi novél <i>Lain Éta</i> jeung <i>Djeumpa Atjeh</i>	Sabada maluruh sakabéh unsur-unsur intrinsikna, nyieun babandingan antara dua karya sastra ieu.
(1)	(2)	(3)
8.	Ngadéskripsikeun, napsirkeun, jeung nyieun kacindekan.	Tiap-tiap nu dibandingkeunana kudu dipaluruh sacara gemet, bari dibarengan ku alesanana nu ditilik tina sababaraha aspék saperti sosial jeung budaya. Dina napsirkeun bébédanana ogé kudu dumasar kana tinimbangan unsur sosial jeung budaya. Kacindekan dijieun sabada sakabéh aspék nu dibandingkeunana kapaluruh.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data, sangkan pagawéanana leuwih gampang jeung leuwih hadé, dina harti bisa leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis nu ngajadikeun data leuwih gampang diolah (Arikunto, 2013, kc. 203). Instrumen dina ieu panalungtikan dipaké pikeun nganalisis struktur novél *Lain Éta* jeung *Djeumpa Atjeh*.

3.4.1 Instrumén Panalungtikan Ngolah Data

Witri Gustiani, 2018

BABANDINGAN NOVÉL LAIN ÉTA KARYA MOH. AMBRI JEUNG DJEUMPA ATJEH KARYA H.M.

ZAINUDDIN: *Ulikan Struktural Jeung Étnopédagogik*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Saterusna, pikeun analisis data ngeunaan struktural, babandingan jeung étnopédagogikna ngagunakeun tabél saperti ieu di handap.

a) Fakta-Fakta Carita

Tabél 3.3
Analisis Alur

Alur	Judul Novél
1) <i>Situation</i> 2) <i>Generating Circumstances</i> 3) <i>Rising Action</i> 4) <i>Climax</i> 5) <i>Denouement</i>	

Tabél 3.4
Analisis Karakter Utama jeung Tambahan

Analisis Tokoh	Ngaran Tokoh
1) <i>Physical Description</i> 2) <i>Portrayal of Thought Stream or of Concions Thought</i> 3) <i>Reaction to Evens</i> 4) <i>Direct Author Analysis</i> 5) <i>Discussion of Environment</i> 6) <i>Reaction of Other to Character</i> 7) <i>Conversation of Other About Character</i>	

Tabél 3.5

Analisis Latar

Rupa-Rupa Latar	

Witri Gustiani, 2018

BABANDINGAN NOVÉL LAIN ÉTA KARYA MOH. AMBRI JEUNG DJEUMPA ATJEH KARYA H.M.

ZAINUDDIN: Ulikan Struktural Jeung Étnopédagogik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1) Latar sosial, 2) Latar géografis atawa tempat, 3) Latar waktu atawa historis	
---	--

b) Téma

Tabél 3.6
Analisis Téma

Analisis Téma Dumasar Konflik dina Carita	
Bagian/Bab	Déskripsi

c) Analisis Sastra Bandingan

Tabél 3.7
Analisis Babandingan Struktur

Struktur Carita	Deskripsi Babandingan	
	Novél Lain Éta (LE)	Novél Djeumpa Atjeh (DA)
Alur	Ngajéntrékeun ngeunaan alur carita dina LE	Ngajéntrékeun ngeunaan alur carita dina DA
Karakter	<ul style="list-style-type: none"> • Karakter Utama, nyaéta karakter nu kaiket kana sakabéh kajadian dina carita. • Karakter séjénna, nyaéta individu-individu nu aya dina carita. 	<ul style="list-style-type: none"> • Karakter Utama, nyaéta karakter nu kaiket kana sakabéh kajadian dina carita. • Karakter séjénna, nyaéta individu-individu nu aya dina carita
Latar	Latar ngagambarkeun kaayaan dina	Latar

Witri Gustiani, 2018

BABANDINGAN NOVÉL LAIN ÉTA KARYA MOH. AMBRI JEUNG DJEUMPA ATJEH KARYA H.M.

ZAINUDDIN: Ulikan Struktural Jeung Étnopédagogik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Struktur Carita	Deskripsi Babandingan	
	Novél <i>Lain Éta</i> (LE)	Novél <i>Djeumpa Atjeh</i> (DA)
	novél LE dumasar tempat, waktu-waktu, kaayan usum.	ngagambarkeun kaayaan dina novél DA dumasar tempat, waktu-waktu, kaayan usum.
Téma	Téma dipaluruh dumasar ciri-ciri karya nu diterbitkeun ku penerbit Balai Pustaka. Saterusna nganalisis ciri-ciri anu kacumponan.	Téma dipaluruh dumasar ciri-ciri karya nu diterbitkeun ku penerbit Balai Pustaka. Saterusna nganalisis ciri-ciri anu kacumponan.